

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Karya sastra mangrupa wujud tina kabudayaan nu dihasilkeun tina pamikiran jeung ide manusa. Karya sastra nu dikasangkutungan ku kabudayaan jeung kaarifan lokal perlu dirojong sangkan tuluy mekar. Kabudayaan jeung kaarifan lokal nu kagambar dina karya sastra teu bisa dipisahkeun tina kahirupan masarakat, sabab kaarifan lokal kudu diwariskeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi saterusna.

Kaarifan lokal nyaéta sakabéh wangun pangaweruh, kayakinan, pamahaman, wawasan, sarta adat kabiasaan atawa étika nu nungtun paripolah manusa dina kahirupan komunitas ékologis, mangrupa kacerdasan manusa nu dipiboga ku hiji kelompok étnis, minangka hasil tina pangalaman masarakat (Rahyono, 2009). Kaarifan lokal biasana aya dina carita rahayat, paribasa, lagu, jeung kaulinan barudak.

Salah sahiji karya sastra nu eusina remen ngagambarkeun kabudayaan jeung kaarifan lokal nyaéta wawacan. Wawacan mangrupa karya sastra Sunda nu geus aya ti jaman béh ditu. Dina wawacan, remen kagambar kabiasaan hiji masarakat. Bisa disebut, wawacan raket patalina jeung kabudayaan sarta kaarifan lokal urang Sunda, tapi saupama nilik dina jaman kiwari, wawacan kurang dipikanyaho ku masarakat.

Wawacan mangrupa karya sastra Sunda heubeul nu kungsi populér dina abad-19 nepi ka abad-20. Sanggeus Perang Dunya II nepi ka ayeuna, wawacan loba teu dipikanyaho ku masarakat (Ruhaliah, 2018, kc. 19). Wawacan nurutkeun Rosidi (dina Ruhaliah, 2018, kc. 10) nyaéta hikayat nu ditulis dina wangun puisi nu tangtu nu disebut dangding. Dangding nyaéta beungkeutan puisi pikeun ngagambarkeun hal-hal nu geus tangtu. Dangding téh kawangun ku sababaraha puisi nu disebut pupuh.

Pikeun ngaguar kaarifan lokal dina wawacan, diperlukeun ulikan étnopédagogik nu mangrupa prakték atikan dumasar kaarifan lokal jeung sumberna tina ajén-ajén kultural hiji étnis, sarta dijadikeun standar paripolah (Rustam, 2014). Sudaryat (2015, kc. 124) nétélakeun yén ajén moral urang Sunda mangrupa étnopédagogik kasundaan nu oriéntasina kana kaonjoyan manusa sacara paripurna atawa jalma anu masagi.

Ajén étnopédagogik dina wawacan bisa diguar ngaliwatan *Wawacan Putri Sekar Arum*. Éta wawacan téh mangrupa wawacan nu ditulis di jaman kiwari sarta jadi salah sahiji karya nu asup kana nominasi Hadiah Sastera Rancagé taun 2021. Ieu wawacan eusina ngagambarkeun hubungan kahirupan moral manusa ka Allah, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa séjén, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa kana kasugemaan lahir jeung batin, nu mana moral kamanusaan urang Sunda téh mangrupa kaarifan lokal atawa étnopédagogik kasundaan nu kudu diwariskeun.

Pangarang ieu wawacan nyaéta Cucu Suhartini nu gumelar di Sumedang, 7 Séptémber 1971. Cucu Suhartini téh doktor filologi lulusan Unpad taun 2016. Anjeunna resep tulas-tulis hususna dina dunya kasusatraan Sunda. Karyana sok midang dina majalah Manglé jeung HU Tribun Jabar. Dina dunya atikan, anjeunna kungsi dilélér jadi Guru SMP Berpréstasi taun 2020 Tingkat Kabupatén Sumedang jeung guru nu diajén *Vidya Caryena II* taun 2020 salaku Duta Atikan Berbasis Kearipan Lokal.

Panalungtikan saacanna ngeunaan étnopédagogik nu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta tésis nu ditalungtik ku Fajar Sukma Nur Alam taun 2015 nu judulna “*Wawacan Mahabarata Anggitan R. Memed Sastrahadiprawira, Spk (Ulikan Struktur jeung Étnopedagogik)*”, skripsi nu ditalungtik ku Vega Aulia Fauziah taun 2016 nu judulna “*Ajén Atikan dina Wawacan Juag Ati (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik)*”, jeung skripsi nu ditalungtik ku Noviana Purwanti taun 2015 nu judulna “*Analisis Wawacan Panji Wulung pikeun Alternatif Bahan Pangajaran di Kelas XII SMK (Tilikan Struktural jeung Étnopédagogik)*”.

Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu aya nyaéta dina objék panalungtikanana jeung nganalisis étnopédagogikna. Panalungtikan saacanna nu disebutkeun di luhur nganalisis ajén atikanana.

Dumasar kana patalina antara wawacan jeung kaarifan lokal, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan wawacan jeung étnopédagogik. Ku kituna, panalungtik milih judul *Wawacan Putri Sekar Arum* Karya Cucu Suhartini (Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik). Dina ieu panalungtikan, dipedar struktur naratif nu aya dina *Wawacan Putri Sekar Arum* ti mimiti téma, galur, tokoh, jeung latar. Struktur formal nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, sasmita pupuh, jeung watek pupuh, sarta kumaha ajén étnopédagogik dina ieu wawacan.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah dina ieu panalungtikan dipedar ieu di handap.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan téh medar *Wawacan Putri Sekar Arum* kalawan ngagunakeun pamarekan struktural nurutkeun Wellek & Warren, pola nyieun dangding nurutkeun Hermansoemantri, tuluy bakal dipedar ajén étnopédagogikna.

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) wawacan mangrupa karya sastra Sunda buhun nu kungsi populér di abad-19 nepi ka abad-20, tapi ayeuna mah kurang dipikawanoh ku masarakat;
- 2) struktur formal dina wawacan ngawengku aturan pikeun nyieun dangding;
- 3) struktur naratif dina wawacan ngawengku téma, galur, tokoh, jeung latar; jeung
- 4) étnopédagogik nyawang pangaweruh atawa kaarifan lokal salaku sumber inovasi jeung kaparigelan nu bisa diberdayakeun pikeun karaharjaan masarakat.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur formal *Wawacan Putri Sekar Arum*?
- 2) Kumaha struktur naratif *Wawacan Putri Sekar Arum*?
- 3) Kumaha ajén étnopédagogik dina *Wawacan Putri Sekar Arum*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus. Eta tujuan téh dipedar saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar struktur formal, struktur naratif, jeung étnopédagogik nu aya dina *Wawacan Putri Sekar Arum*.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur formal *Wawacan Putri Sekar Arum*;
- 2) struktur naratif *Wawacan Putri Sekar Arum*;
- 3) étnopédagogik nu aya dina *Wawacan Putri Sekar Arum*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis. Pedaranna saperti kieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh dina kajian sastra analisis struktur formal jeung struktur naratif. Ieu panalungtikan ogé bisa nambahan pangaweruh ngeunaan wawacan jeung étnopédagogik.

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh jeung pamahaman panalungtik utamana ngeunaan ulikan sastra, hususna struktur formal, struktur naratif, jeung étnopédagogik dina wawacan.
- 2) Pikeun mahasiswa atawa panalungtik séjén, dipiharep bisa jadi référénsi dina prosés panalungtikan satuluyna.
- 3) Pikeun masarakat, dipiharep bisa mikawanoh sarta ngajembaran pangaweruh ngeunaan wawacan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab kalawan susunanana saperti ieu di handap.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, medar ngeunaan kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori nu ngawengku wawacan, strukturalisme, struktur formal, struktur naratif, jeung étnopédagogik.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data nu ngawengku struktur formal dina *Wawacan Putri Sekar Arum*, struktur naratif dina *Wawacan Putri Sekar Arum*, jeung étnopédagogik dina *Wawacan Putri Sekar Arum*.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nyieun kacindekan tina hasil analisis sarta rékoméndasi pikeun panalungtik séjén.